



Pou Piblikasyon Imedya: 03/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ TRANSFÒMASYONÈL POU KATYE CIVIC CENTER SOUTH BRONX LAN NAN KAD PRIM 10 MILYON DOLA A

12 Pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi yo Konekte Branch Komèsyal ak Kiltirèl ki nan Civic Center yo, Sipòte Kwasans Ekonomik ak Opòtinite, epi Li Prezève Eritaj Inik Awondisman an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 12 pwojè transfòmasyonèl nan South Bronx nan kad prim 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi lan (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Envestisman estratejik nan South Bronx lan pral konekte branch komèsyal ak kiltirèl yo ki nan Civic Center (Sant Administratif) pou ka kreye yon anba lavi ki inifye ki ap bay yon bon jan kalite lavi pou abitan yo ak vizitè yo; li sipòte kwasans ekonomik enklizif ak opòtinite, epi li prezève epi pwomouvwa eritaj ak idantite inik awondisman an. Envestisman yo fè pati efò Gouvènè a kontinye ap fè pou revitalize Bronx epi kreye plis opòtinite nan katye Anba Lavi Bronx Civic Center a.

“Katye Bronx Civic Center a se kè Bronx ki enèjik anpil lan, epi yo dwe ekspoze li”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa yo pral fè Awondisman an pwogrese a pa jeyan, ogmante ekipman yo pou abitan South Bronx aktyèl yo epi pote pi plis envestisman ak fyète kominotè nan Bronx.”

Yo te [nonmen](#) katye Bronx Civic Center a kòm yon venkè 2èm Faz DRI an. Katye an gen ladan zòn ki limite pa 144th Street la nan sid, 165th Street nan nò, Rivyè Harlem lan a lwès ak St. Ann's Avenue/East-Third Avenue a lès. South Bronx se youn nan zòn k ap devlope pi rapid nan Vil New York. Katye tankou Mott Haven, Concourse Village, Melrose ak Morrisania te sibi transfòmasyon dramatik ki te baze sou efò popilè ak kominotè yo. South Bronx lan ap fleri avèk envestisman piblik ak prive k ap fèt nan sektè lojman abòdab, etablisman kiltirèl, magazen vant an detay ak lòt sektè ankò. Anpil politik lokal tankou Inisyativ South Bronx (South Bronx Initiative) ak Estrateji Magazen Vant an Detay Melrose la (Melrose Retail Strategy) ki vin pwodwi Lower Concourse la, te pèmèt kwasans aktivite sa yo.

Pwojè espesifik ke yo pral finanse atravè DRI a gen ladan:

Elaji Andrew Freedman Home Cultural Art Center: Renove Andrew Freedman Home Cultural Art Center a pou akomode teyat, èv atistik vizyèl, mizik, dans, ak lòt pwodiksyon atistik yo, ak espas pou devlopman mendèv ak pwogramasyon apre lekòl

yo. Repare epi ranfòse zòn ekstèn yo pou ogmante sansibilizasyon piblik sou pwogramasyon anndan sant istorik lan. (1,720,000 dola)

Konvèti Pon 149th Street lan an yon Sant Komèsyal Piblik: Kreye yon sant komèsyal ki elaji, sou twota a epi ke yo ka pwograme sou Pon 149th Street lan ki pral kontakte Lower Concourse ak Santral lan epi bay espas pou machann yo, aktivite atistik ak lòt aktivite yo. (2,592,000 dola)

Anbeli Peyizaj Lari yo nan Santral lan ak 149th Street: Envesti nan yon seri amelyorasyon peyizaj lari yo nan Third Avenue, Melrose Avenue, ak 149th Street pou ka ankouraje yon idantite lokal ki pi djanm, amelyore sekirite, epi ankouraje investisman prive. (1,040,000 dola)

Kreye yon Fon Amelyorasyon pou Biznis (Business Improvement Fund): Kreye yon Fon Amelyorasyon pou Biznis ki disponib pou pwopriyetè biznis ak pwopriyete yo pou finanse amelyorasyon fasad ak devan magazen yo, renovasyon etaj anlè yo, ak devlopman restoran ki bay sèvis konplè ak kafe yo sou tout koridò komèsyal majè zòn DRI an. (1,000,000 dola)

Konplete yon Modènizasyon Etablisman Pisin Lanaj Piblik BronxWorks lan: Ajoute sou yon investisman resan ki te fèt nan yon pisin lanaj kominotè ki sitiye nan Sant Kominotè Carolyn McLaughlin BronxWorks lan nan Grand Concourse. Amelyorasyon yo nan zòn pisin nan pral gen ladan yon sistèm jesyon lè, nouvo twil plafon yo, ak kadna chanm ki repara yo. (429,000 dola)

Sipòte Ouvèti Sant pou Kreye Atis Bronx Kreate Space Bay: Finansman konplemantè pou konstwi espas pou kreye atis yo pou travay konjwen nan Mott Haven nan nouvell Espas Bronx Kreate lan. Amelyorasyon ki planifye yo gen ladan espas galri, yon kafe, espas travay ki pa chè, estidyo pou atis yo, etablisman kominal yo. (595,000 dola)

Amelyore Jaden Kominotè yo nan Melrose Commons: Amelyore twa jaden kominotè nan Melrose Commons ak enèji solè, ekleraj ki entansifye, aksè wifi, ak rekòt dlo lapli yo pou ka ranfòse rezo espas lib zòn nan, rezistans kominotè, ak dirabilite. (630,000 dola)

Aktive Nouvo Sant Komèsyal Roberto Clemente a ak Kafe Ekstèn yo: Enstale de kafe ekstèn nan espas piblik ki gen pou fin konplete byento a nan Sant Komèsyal Roberto Clemente a pou bay opsyon dine adisyonèl pou travayè ak kliyan lokal yo. Yonn nan kafe yo pral sèvi kòm yon enkibatè pou antreprenè manje lokal yo. (520,000 dola)

Pèmèt Konstwiksyon yon Nouvell Espas Teyat Pregones: Demoli lojman aktyèl deklase ki an platfòm bwa yo ki nan 571 Walton Avenue pou pèmèt teyat Pregones/Puerto Rican Traveling Theater (PRTT) devlope yon etablisman modèn ki pral sèvi kòm yon katye jeneral òganizasyonèl, epi loje repetisyon atis yo, estidyo, ak espas pou pèfòmans yo. (260,000 dola)

Elaji Aksè a Entènèt Rapid ki Pa Chè nan Melrose Commons: Kreye yon rezo entènèt rapid san fil yon pwen a divès pwen ki baze sou tèt kay yo ki ap bay sèvis a abitan yo, biznis yo, ak vizitè yo nan Melrose Commons. Rezo a pral ofri wi-fi gratis nan ak alantou espas piblik ke yo chwazi yo; aksè gratis a yon pòtay resous lokal ki gen entènèt pou abitan ki nan batiman ki sou rezo a yo; ak sèvis entènèt rapid ki pa chè yo pou abitan ki nan batiman ki sou rezo a yo. Nos Quedamos ta pral bay aksè a fibr inisyalyon yo nan de batiman ke li posede. (437,000 dola)

Rafrechi Bronx Walk of Fame lan ak Siyalizasyon ak Mak ki Modènize: Rafrechi Bronx Walk of Fame lan apati reyelaborasyon, ranplasman, ak regwoupman siyalizasyon yo ki sou tout Grand Concourse lan ant 149th Street ak 167th Street, epi kreye yon direktwa dijital pou atire vizitè yo. (250,000 dola)

Kreye yon Antre Prensipal Ki Pi Akeyan nan Estasyon 161st Street lan: Kreye yon antre prensipal ki modèn, atiran Bronx an deyò Lès 161st Street - estasyon metwo Yankee Stadium apati ranfòsman medyàn an beton aktyèl yo ak plantasyon ki amelyore. Pwojè sa pral konplèman lèt investisman yo nan zòn. (227,000 dola)

Bronx te devlope yon Plan Investisman Estratejik (Strategic Investment Plan) pou revitalize South Bronx ak 300,000 dola nan fon planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon 10 milyon dola DRI a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati ki konsène yo te dirije efò a, sipòte pa yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik pou South Bronx lan te egzamine atou ak opòtinite lokal yo, epi li te idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye.

“Nou te ouvri yon nouvo chapit pou kominote Bronx Civic Center a ak investisman atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan, epi nouvèl faz finansman sa pral ranfòse istwa reyisit ekonomik Bronx lan”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Pwojè yo te rekonpanse jodi a pral amelyore kalite lavi nan Bronx epi investi nan avni kominote divès sa. Angajman finansman nou an jodi a pral favorize konektivite ant katye yo, sipòte atraksyon atistik ak kiltirèl yo, epi kreye travay ki byen peye pou fanmi Bronx yo.”

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Rekonesans DRI an pou santral South Bronx sa demontre ke tout Awondisman an ap pran pye. Sa se eleman ki ap chanje jwèt lan ki pral pote revitalizasyon nan tout kominote an epi ajoute sou pakèt reyisit ki deja an plas atravè Bronx”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan entegre nan kominote yo resous ak sipò ke yo bezwen pou ka reyalize potansyèl yo antan ke santral dinamik kote moun New York yo vle viv, travay epi jwe. Investisman sa yo nan Bronx Civic Center pral ajoute sou dinamis enkwayab zòn nan epi katalize nouvèl kwasans ak opòtinite yo”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, “Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo an, investiman ki sible ki dirije nan kominote sa yo pral konbine ak investiman 639 milyon dola HCR lan nan Bronx sou sèt ane ki sot pase yo ki te kreye lojman ki a pri abòdab pou anviwon 38,250 abitan pou ede asire ke pandan ekonomi Bronx ap devlope, tout moun New York yo ap gen opòtinite pou yo pwofite de yo. Nan Eta New York, nou chanse pou nou gen yon Gouvènè ki konprann jan pou konstwi reyisit ekonomik enkliziv alontèm”.

Senatè a Luis R. Sepulveda, te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo an nan Bronx pral kontinye ak pwogrè masif ke kominote nou an te wè nan dènye jou sa yo. Sa se yon plan inovatif ki pral pote nouèl kwasans epi ki ap dire nan kominote nou an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt sipò pèmanan li pou Bronx”.

Senatè Gustavo Rivera te deklare, “Bronx ap vin tounen yon kwen ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan. Fokis administrasyon sa sou modènizasyon sant iben yo montre ke li konprann jan kominote yo, abitan yo ak biznis yo pwospere. Mwen fyè dèske katye Bronx Civic Center an te ranpòte onè sa epi mwen kontan pou mwen wè transfòmasyon ki gen pou vini yo”.

Senatè Jamaal T. Bailey te deklare, “Depi nan premye jou administrasyon li an, Gouvènè Cuomo te rekonèt potansyèl san limit ke Bronx genyen an. Sou lidèchip li, yo te fè investisman san presedan nan kominote nou an, epi sa ap kontinye jodi a ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan. Mwen felisite Gouvènè a ansanm ak administrasyon li an poutèt yo kreye yon plan ki pral amelyore kominote nou an pou plizyè jenerasyon”.

Manm Asanble Marcos A. Crespo te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo an se egzakteman modèl estrateji investisman ki ap pote rezilta pozitif pou kominote yo. Pwojè sa yo, klase ant renovasyon konplè etablisman yo pou rive nan anbelisman peryizaj lari yo ak tout sa ki nan mitan yo, pral ede amelyore fason abitan nou yo viv epi bay pi plis yon sans a lespwa pou fiti”.

Manm Asanble Michael Blake te deklare, “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan kote investisman plizyè milyon dola ap vini nan kominote Bronx nou yo pou kreye travay epi reyalize vizyon kolektif nou genyen an de Devlopman Ekonomik, Edikasyon ak Ekite. Mwen felisite tou lidèchip Prezidan Awondisman Bronx lan Ruben Diaz, Jr., Pòt Pawòl lan Carl Heastie ak Manm Asanble a Marcos Crespo poutèt lidèchip vizyonè yo pandan pwosesis sa. Investisman sible sa yo ki dirije nan kominote a, espesyalman nan Melrose, zòn 149th Street ak 161th Street yo, pral ede asire pi plis opòtinite pou jwenn travay pou moun Bronx yo, epi ekipe nou ak aptitud ak resous ke nou bezwen pou ka reyisi kounye a ak byen nan fiti. Yon sektè biznis ki ap pwospere ki sipòte antreprenè lokal yo, espesyalman Antrepriz Biznis Minorite ak Fanm yo (Minority and Women Business Enterprises), epi ki pote plis travay nan katye nou an li ap asire ke nou gen kominote ki ap pwospere ki ap bay opòtinite pou jèn moun nou yo. Nou pral toujou batay pou pote plis resous ekonomik nan South Bronx pou avantaj abitan nou yo pou ke nou ka kontinye ak #BatiYonPiBonBronx (#BuildingABetterBronx)”.

Manm Asanble a Nathalia Fernandez te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo an pral kontinye ak renesans ekonomik nan Bronx lan, epi pote li nan nouvo wo nivo yo. Nou te wè yon efò reyèl ki baze nan kominote a ak plan sa yo, epi mwen kontan anpil pou avni Awondisman nou an”.

Prezidan Minisipalite Bronx la Ruben Diaz Jr. te deklare, “Bronx kontinye gen yon alye solid ak yon dirijan ki dedike nan Gouvènè Cuomo ki kontinye bay rezilta pou moun ki nan Awondisman sa. Nan koute bezwen espesifik kominote nou an, pwojè DRI sa yo pral pote nouvel lavi ak vitalite nan zòn nou an nan bay resous estratejik pou ekipman aktyèl yo epi fè li vin yon kote ki pi agreyab pou moun viv, kote moun ka mache. Mwen espere kontinye travay ansanm ak Gouvènè Cuomo pou ede Bronx kontinye ak transfòmasyon pozitif li an ki ap kontinye a”.

Manm Konsèy lan Andy King te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Bronx te wè yon renesans transfòmatif. Apwòch devlopman ekonomik Gouvènè a te reyèlman pwize nan atou inik rejyon nou an yo. Mwen espere wè kominote nou an kontinye devlope epi pwospere”.

Marlene Cintron, ki se Prezidan, Bronx Overall Economic Development Corporation, te deklare, “South Bronx chaje potansyèl, epi investisman sa yo ke Gouvènè Cuomo te fè yo se jis eleman pou kreye opòtinite adisyonèl pou abitan ak biznis nou yo. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan pral amelyore lari nou yo, ede biznis lokal yo epi elaji òf kiltirèl nou yo. Sa yo se moman eksitan pou tout Awondisman an”.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)